**Lembar Kerja Peserta Didik**

**Tujuan Pembelajaran** : **Membedakan kalimah pananya, wawaran jeung kalimah panyeluk**

**Nama** : _____ **Kelas** : **4C**

**A. Kalimah Pananya**

Kalimah pananya : kalimah nu fungsina nanyakeun hiji hal

Tuntung kalimah make tanda tanya (?)

Conto kalimah : Kunaon tara ngerjakeun tugas ?

**B. Kalimah wawaran**

Kalimah wawaran : kalimah nu fungsina mere nyaho

Tuntung kalimah make tanda titik (.)

Conto : Kamari Asih gearing

**C. Kalimah panyeluk**

Kalimah panyeluk : kalimah nu fungsina nembongkeun rasa , bisa ambek, nyarekan, nitah atawa kagumbiraan

Tungtung kalimah make tanda panyeluk / seru (!)

Conto : Cik pangnyokotkeun pacul!

Hidep geus diajar tilu rupa kalimah. Di handap aya paguneman. Ayeuna, prak eusian lolongkrang nu kosong di antara tanda kurung ( ... ) maké tanda titik (.), tanda tanya (?), jeung tanda panyeluk (!).

Guru : Ku naon cicing baé di luar (...)

Udin : Kasiangan, Pa (...)

Guru : Asup ka dituh (...)

Udin : Alim, ah, isin (...)

Guru : Ari geus, rék terus cicing di luar kitu (...)

Udin : Duh, kumaha, nya (...)

Guru : Moal (...) Jung asup mending gé (...)

Udin : Isin (...)

Guru : Moal, moal nanaon (...) Bébéja baé satarabasna, kabeurangan kituh, jung (...)

Udin : Badé nyuhunkeun surat katerangan baé atuh heula ka Bapa (...)

Guru : Da lain Bapa nu giliran pikétna gé, ka ditu ka Pa Asép (...)

Udin : Muhun atuh, ah, Pa (...)